



Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware

Enfòme. Edike. Defann.

Pale ak Pwofesè Pitit ou

Lè paran ak pwofesè pataje enfòmasyon sou sa ki ap pase lakay ak lekòl, pitit ou a ap travay pi byen lekòl.

Di pwofesè pitit ou a sa yo bezwen konnen sou pitit ou a - si li gen bezwen espesyal, kom egzanj. Si pitit ou a gen pwoblèm pou fè devwa, mande yon reyinyon ak pwofesè a. ou ka di, pa egzanj, *“Tim gen pwoblèm nan devwa etid sosyal li yo. Mwen enkyè sou poukisa li pa ka fè devwa yo ak kisa nou ka fè pou nou ede l”.*

Ou ka poze kesyon tankou: *Kisa wap atann de pitit mwen an? Ki règ lekòl la? Èske gen règ pou devwa? Mande pou paj lekòl la, orè, kontak, règ, etc.*

Kwè ke pwofesè a vle ede w ansanm ak pitit ou, menm si ou pa dako sou yon bagay. Pa ale kote direktè a san ou pa bay pwofesè a chans pou l ranje pwoblèm nan. Sonje ke ou menm ak pwofesè a se yon ekip kap travay ansanm pou edikasyon pitit ou.



Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki gen pou misyon pou ede paran yo angaje nan edikasyon.

Kesyon pou poze nan konferans paran ak pwofesè

Pran avantaj sou konferans paran ak pwofesè pandan ane lekòl la. Panse ak kèk kesyon ansanm ak enkyetid ou ta genyen e ekri yo sou papye avan reyinyon an. Kenbe rekò devwa pitit ou pou ede w ak kesyon ou yo. Sonje, Ou kapab e ou dwe pale ak pwofesè pitit ou pandan tout ane lekòl la.

Kesyon ou ka poze pou elèv ki nan nenpot klas:

1. Èske pitit mwen an ap pèfòme nan nivo klas la?
2. Ki fòs ak feblès pitit mwen an nan sijè - lekti, Math ak Syans?
3. Konbyen tan pitit mwen an dwe pase ap fè devwa?
4. Èske devwa pitit mwen yo fèt nan lè pou yo fèt?
5. Èske lekòl la gen pwogram espesyal pou konble bezwen pitit mwen yo?
6. Èske pitit mwen bezwen aprantisaj espesyal ? Èske gen klas espesyal ke pitit mwen an ta dwe ladan l?
7. Èske ou kenbe yon katab pou devwa pitit mwen? Si wi, ou ka rewèl avèm?
8. Èske pitit mwen an gen bon zanmi? Koman pitit mwen an antann li ak lòt timoun?
9. Kisa nou ka fè lakay pou nou sipòte aprantisaj nan klas la?
10. Ki fason ki pi bon pou jwenn ou?

Lòt kesyon pou elèv fondamantal ak segondè:

1. Koman mwen ka ede pitit mwen travay poukont li epi itilize tan li byen?
2. koman mwen ka ede pitit mwen prepare pou lekòl segondè/inivèsite?
3. Kisa ou ka dim sou presyon lòt timoun ak koman mwen ka ede pitit mwen jere sitiyaasyon ki difisil- dwòg, alkòl, ak sex?
4. Ki kou pou pitit mwen pran pou li ka ranpli kondisyon gradiyasyon an?
5. Èske ou gen yon lis kou ke pitit mwen an dwe pran pou l ka prè pou inivèsite?
6. Si pitit mwen vle ale nan inivèsite, koman lekòl la ka ede ak pwosès la?
7. Si pitit mwen vle ale nan inivèsite, koman lekòl la ka ede pitit mwen an konnen sou èd finansye?

Adapted from U.S Department of Education, Office of Communications and Outreach, Helping Your Child Succeed in School and 100 Tips for Parents, Washington DC, 2005

Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



Office of Special Education Programs
U.S. Department of Education



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki gen pou misyon pou ede paran yo angaje nan edikasyon.

